



DANTIS LA AP VIN LEKÒL LAN! Benefisye swen dantè nan lekòl la **GRATIS***.

*Pou pasyan ki gen asirans MassHealth oswa Plan Sekirite Medikal pou Timoun yo

Enskri Anliy!
www.MySchoolDentist.com

Eskane kòd lan
ak telefòn ou.



Pran swen dan timoun ou an enpòtan pou yo kapab rete ansante.

FASIL EPI KONFÒTAB - Yon dantis nan eta a ki gen lisans pral tcheke bouch ak dan timoun ou an, epi li ap fè netwayaj tou, radyografi si sa nesesè, tretman fliyo ak tretman pou sele dan yo, selon jan sa nesesè. Epi tou, kapab genyen swen adisyonèl ki disponib, tankou plonbij. N ap voye yon kat rapò dantè lakay ou ak timoun ou an. Lè w bay pèmasyon w, sa gen ladan l swen dantè inisyal ak vizit suivi yo.
SIYEN EPI VOYE L TOUNEN NAN LEKÒL OU A JODI A!

TANPRI RANPLI L

Non Legal Timoun nan	Siyati Legal Timoun nan	Dat Nesans (mm/jj/aaaa)	☐ Gason ☐ Fi
Adrès	Vil	Eta	Kòd postal
Lekòl	Pwofesè		Klas
Non Paran/Gadyen Legal	Telefòn ()		
Imèl	Lèt Telefòn ()		

KESYON ENPÒTAN SOU SANTE

Èske TIMOUN OU AN TE GEN OSWA GENYEN KONDISYON MEDIKAL, ANDIKAP, KONPÒTMAN ANVAN SA OSWA AKTYÈLMAN? TANPRI TCHEKE CHAK KONDISYON KI APLIKE AK TIMOUN OU AN EPI EKSPLIKE L NAN ESPAS KI LA POU SA A. METE ENFÒMASYON ADISYONÈL NAN FÒM SA A SI SA NESESÈ. **SI PA GEN KONDISYON KI APLIKE, KITE L BLANCH.**

- | | | | | |
|---|--|--|--|--|
| ☐ Maladi kontajye ki aktif (san wete COVID-19) | ☐ Alèji-manje/sezonye | ☐ Twoub sèyman | ☐ Dyabèt (sik) | ☐ Maladi ren |
| ☐ Opresyon (asm) | ☐ Alèji-medikaman | ☐ Pwoblèm respirasyon | ☐ Pwoblèm kè | ☐ Maladi fwa |
| ☐ Lòt _____ | ☐ Pwoblèm konpòtman | ☐ Pwoblèm dantè | ☐ Twoub iminitè | ☐ Kriz epilepsi |
- Eksplike _____

Fè yon lis medikaman aktyèl yo ak/oswa pwoblèm dantè yo: _____

Dat d'nyen vizit kay doktè dan an anviwon _____ Kijan timoun ou an pran swen dan li aktyèlman la a? _____

SI TIMOUN NAN ASIRE NAN MASSHEALTH/PLAN SEKIRITE MEDIKAL TIMOUN NAN

Mete Benefisye Timoun nan
Nimewo Idantifikasyon (RIN)
nan LA A: →

OSWA Nimezo Sekirite Sosyal Timoun nan (si li disponib)

ASIRANS DANTÈ PRIVE

Non Konpati Asirans lan (pa Medicaid)

Nimezo Telefòn Asirans lan () -

Nimezo Gwoup

Non Enstitisyon Travay la

Nimezo Telefòn Konpayi a () -

Non Adilt ki Asire a

Dat Nesans Adilt ki Asire a / /

Nimezo Idantifikasyon/Kontra Asirans Manm nan

Nimezo Sekirite Sosyal Adilt ki Asire a - -

SI TIMOUN NAN PA GEN ASIRANS POU SWEN DAN (TCHEKE YOUN ANBA A)

Si w ap peye pou sèvis yo, agrafe chèk la oswa viman an nan fòm sa a epi fè l peyab pou: **Smile Massachusetts**. Pou peye ak kat kredi, rele 855-481-8639.

- ☐ M ap peye pri a rabè pou netwayaj dantè, tès depistaj ak fliyo pou chak vizit. Laj 13 lane oswa pi piti: **\$90.00** Laj 14 lane oswa plis: **\$111.00**
- ☐ Mwen mande pou yo fè don swen pou m kapab peye depans pou netwayaj dantè, tès depistaj ak fliyo pou pitit mwen an. (N ap voye yon aplikasyon pou swen pou ou.) Disponib yon sèl fwa pa ane eskolè pou swen prevansyon sèlman.)

Si pitit ou a wè yon dantis regilyèman, epi ou vle kontinye resevwa swen nan atravè dantis sa a, tanpri fè sa.

LI EPI SIYEN ANBA A

Mwen konprann epi mwen otorize Jessica Marn DDS, Big Smiles Massachusetts P.C. (Profesyonèl swen sante), dantis oswa ijyenis dantè afilye li yo, pou ofri sèvis dantè nan lekòl la bay timoun ki ki gen non l site pi wo a, timoun mwen se paran li a, ki anba gad legal mwen oswa timoun mwen se gadyen legal li a, tankou yon egzamen, netwayaj, fliyo, selan, radyografi ak aplikasyon Fliyo Dyamin Ajan selon jan sa nesesè. (Itilizasyon fliyo diamin ajan an kapab dekolore nenpòt kavite pou fè yo vin gen yon koulè mawon oswa nwa. GADE DÈYÈ POU JWENN DETAY.) Epi tou, mwen otorize pou gen nenpòt lòt travay dantè ki fèt tankou plonbij, pwosedi pou retire dan tibebe ki gen pwoblèm, yon pilpotomi (tretman nè nan dan tibebe), angoudisman bouch ak dan yo ansanm ak lòt pwosedi selon jan sa nesesè. Mwen li KESYON KI ENPÒTAN SOU SANTE ki pi wo a epi m ap siyale nenpòt chanjman enpòtan ki gen nan kad sante pitit mwen an pandan m ap rele nan 855-481-8639. Mwen li AVI ENPÒTAN AK KONSANTMAN KI NAN PATI DÈYÈ PAJ SA A epi mwen konprann epi dakò ak kondisyon li yo.

**SIYEN EPI METE
DAT LAN LA A**

Konsantman sa otorize premye vizit kay doktè dan an ak lòt sa k ap gen alavni yo

DAT

**Pou vi prive ou,
tanpri pliyè l epi sekirize l.**

KESYON: 855-481-8639 FAKS: 888-330-4331 Vizite nou sou: mobiledentists.com

Jessica Marn, DDS & Dental Director
Jessica Marn DDS, Big Smiles Massachusetts P.C., 245 First Street, 18th Floor, Cambridge, MA 02142
© Jessica Marn DDS, Big Smiles Massachusetts P.C., 2026



AVI AK KONSANTMAN ENPÒTAN

Mwen konprann epi mwen otorize Jessica Marn DDS, Big Smiles Massachusetts P.C. (Pwofesyonèl swen sante a) dantis oswa ijyenis dantè afilye li yo, pou ofri sèvis dantè nan lekòl la bay timoun ki gen non I site pi wo a, timoun mwen se paran li a oswa timoun mwen se gadyen legal li a, tankou egzamen dantè ak enstriksyon sou ijyèn bouch, netwayaj dan, tretman ak fliyo, radyografi ak sèlman dantè, ansanm ak aplikasyon Fliyo Dyamin Ajan pou trete pwogresyon dan k ap pouri an. Mwen otorize dantis la tou pou I ranpli nenpòt twou ki gen nan dan yo oubyen pou I mete yon kouwòn sou dan an, pou I rache nenpòt dan timoun piti an ki gen pwoblèm, pou I fè yon pilpotomi (tretman nè nan dan timoun piti), pou I mete aparèy fiksasyon dan ladan I oubyen pou I fè lòt tretman dantè selon jan sa nesese. Mwen konprann gen risk nan koze tretman dantè, tankou anflamasyon oswa doulè ki kapab genyen nan tretman an oswa enjeksyon pou anestezi lokal, oswa reyaksyon alèjik. (Pou plis enfòmasyon konsènan risk ki gen nan tretman an ak lòt altènativ tretman yo, tanpri rele nimewo nou bay la.) Mwen konprann gen yon pati nan egzamen dantè piti mwen an ki kapab fèt adistans epi mwen konprann enfòmasyon klinik (tankou radyografi) se enfòmasyon yo ka kolekte epi voye elektwonikman yon lòt kote pou evalyasyon dantis la. Mwen dakò itilizasyon sèvis teledantistri sa yo epi mwen konprann byenke y ap aplike pwoteksyon konfidansyalite nan dosye a, itilizasyon transmisyon elektwonik endepandan yo kapab prezante plis risk pou konfidansyalite. Mwen konprann mwen gen dwa pou mwen jwenn aksè a enfòmasyon medikal ki an rapò ak sèvis teledantistri yo. Mwen otorize epi mwen mande Pwofesyonèl swen sante a pou I fakte epi kolekte peman nan men nenpòt Medicaid, asirans, oswa lòt òganis peman. Mwen otorize lekòl piti mwen an pou li mete enfòmasyon asirans piti mwen an disponib pou Pwofesyonèl swen sante an ak ajan faktirasyon li a pou yo ka voye fakti pou sèvis yo bay òganis peman an. Si mwen gen asirans dantè prive, y ap voye yon fakti ban mwen epi mwen dakò pou m peye nenpòt franchiz ak/oswa kopeman. Tretman dantis lekòl la bay la kapab afekte avantaj piti ou a ka resevwa alavni nan kad asirans prive, Medicaid oswa CHIP. Sof si m te fè aranjman davans pou m patisipe, epi sof si m la pandan sèvis la ap bay la, sèvis yo ap bay san mwen pa prezan. Mwen bay konsantman mwen pou Pwofesyonèl Swen Sante a voye mesaj tèks konsènan pwogram dantè lekòl la. Mwen rekonèt mesaj tèks pa yon fòm komunikasyon ki sekirize epi li prezante plis risk konfidansyalite. (Founisè sèvis san fil ou a ka fè w peye frè pou mesaj ak/oswa done; pou w sipann sèvis la, reponn "STOP" pou nenpòt mesaj nou voye ba w ou resevwa. Ou dakò tou pou resevwa apèl telefonik ki pre-anrejistre ak/oswa apèl otomatik ki an rapò ak pwogram dantè lekòl la nan nimewo telefòn fiks ak/oswa mobil ki disponib sou fòm konsantman sa a.) Mwen resevwa Avi sou Pratik Konfidansyalite (Notice of Privacy Practices, NPP) ki tou vini nan fòm sa a epi mwen bay konsantman pou yo divilge enfòmasyon dosye medikal piti mwen an, ki gen ladan I dosye yo jwenn nan men lòt pwofesyonèl swen sante, ak nenpòt enfòmasyon sou VIH/SIDA, maladi kontajye, maladi moun pran nan fè bagay, dwòg ak alkòl, ak anemi. Mwen otorize Pwofesyonèl Swen Sante a pou I divilge enfòmasyon sa yo bay nenpòt moun ki responsab pou peye ak/oswa founisè sèvis administratif ak sou-kontraktè yo pou itilizasyon ak divilgasyon ki an rapò ak tretman piti mwen an, peman pou sèvis yo ak rezon operasyon swen sante yo. Konsantman siyen sa a otorize vizit inisyal kay dantis ak vizit alavni piti mwen yo. Mwen kapab retire konsantman mwen nenpòt lè alekri.

Fliyori Ajan Dyamine (SDF)- Yon nouvo tretman dan pou batay kont kavite yo

AVANTAJ SDF: Kavite nan dan se pwoblèm ki komen sou timoun, men kounye a dantis yo gen yon lòt posiblite san danje, san doulè parapò avèk pwosedi tradisyonèl pou fouye kavite yo ki rele fliyori ajan dyamine (SDF). SDF se yon likid antibyotik FDA apwouve pou ede anpeche kavite yo fòme, grandi, oswa simaye nan lòt dan yo. Dantis la ap senpleman bwose SDF nan dèyè dan yo sèlman.

Lòt posiblite yo

- San tretman: Dan an ka kontinye ap gate epi lakòz doulè.
- Lòt chwà yo: vèni avèk fliyori, yon plonbij oswa kouwòn, oswa dantis la ap rache dan an.

Risk yo

- Tretman SDF ka pa elimine bezwen pou yon plonbij tradisyonèl.
- Li nòmal pou SDF tache kavite a an koulè mawon oswa nwa—sa vle di I ap travay.
- Pati ki an sante yo nan dan an p ap tache.
- SDF kapab lakòz tach pou yon ti tan si li vin an kontak avèk pou. Tach la pa reprezante danje epi li ta dwe disparèt nan mwens pase yon semèn.
- SDF ka lakòz yon gou metalik pou yon ti tan.



kavite



SDF ki aplike



Ou gen kesyon? Rele youn nan kowòdonatè swen nou yo nan nimewo 855-481-8639.

KONSÈVE POU DOSYE OU YO

JESSICA MARN, DDS, DENTAL DIRECTOR

Dana Burkett, DMD, Monika Pronczuk, DMD, Naima Qureshi, DMD, Scott Schmidhauser, DMD

AVI SOU PRATIK KONSÈNAN KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PRIVE
AVI SA A DEKRI FASON NOU KA ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU AK FASON OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI
LI AVI A AVÈK ANPIL ATANSYON. KONSÈVE POU DOSYE OU YO

RESPONSABLITE LEGAL NOU

Li enpòtan pou nou pou kenbe enfòmasyon medikal ou yo konfidansyèl. Nou gen obligasyon dapre lwa federal ak lwa leta ki anviwè pou kenbe enfòmasyon pwoteje sou sante ou konfidansyèl. Nou gen obligasyon tou pou ba ou avi sa a sou pratik nou yo pou konfidansyalite, responsablite legal nou yo ak dwa ou konsènan enfòmasyon sou sante ou. Nou dwe swiv pratik konfidansyalite yo ki dekri nan avi sa a. N ap fè ou konnen si gen vyolasyon nan enfòmasyon medikal ou yo ki pa pwoteje.

Nou gen dwa pou chanje pratik nou yo sou konfidansyalite ak dispozisyon avi sa a nenpòt lè, jan lwa ki anviwè ban nou pèmisen pou fè sa. Nou gen dwa pou fè nenpòt chanjman nan pratik nou yo sou konfidansyalite ak nan nouvo dispozisyon avi nou ki anviwè nan tout enfòmasyon medikal nou konsève yo, tankou enfòmasyon medikal nou te kreye oswa te resevwa anvan nou te fè chanjman yo. Anvan nou fè yon chanjman enpòtan nan pratik nou yo sou konfidansyalite, n ap chanje Avi sa a epi n ap mete nouvo Avi a disponib sou demann

Ou ka mande yon kopi Avi nou an nenpòt lè. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pratik nou yo sou konfidansyalite, oswa pou jwenn lòt kopi Avi sa a, tanpri kontakte nou avèk enfòmasyon ki endike nan fen Avi sa a.

ITILIZASYON AK DIVILGASYON ENFÒMASYON SOU SANTE

Nou itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ki konsène ou pou tretman, peman, ak fonksyonman swen sante. Pa egzanp:

Tretman: Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon doktè, enfimye lekòl/kowòdonatè swen sante, oswa ba yon lòt pwofesyonèl swen sante ki bay tretman pou ou.

Peman: Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou pou resevwa peman pou sèvis nou ba ou.

Operasyon Swen Sante: Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou anrapò avèk fonksyonman biznis nou tankou revizyon konpetans oswa kalifikasyon pwofesyonèl swen sante yo ak evalyasyon pèfòmans pratisyen ak founisè yo.

Otorizasyon Ou: Nou ka fè itilizasyon ak divilgasyon ki pa dekri nan Avi sa a sèlman avèk otorizasyon ekri ou. Answit, nou dwe jwenn otorizasyon ekri ou pou vann enfòmasyon medikal ou oswa pou itilize oswa divilge enfòmasyon ou pou vann machandiz oswa sèvis ba ou kote nou touche pou fè komunikasyon an. Si ou ban nou yon otorizasyon, ou ka anile li alekri nenpòt lè. Anilasyon ou fè a ap afekte okenn itilizasyon oswa divilgasyon nou ka fè avèk otorizasyon ou pandan li te anviwè. Sof si ou ban nou yon otorizasyon ekri, nou p ap itilize ni divilge enfòmasyon medikal ou pou okenn rezon ki pa sa ki dekri nan Avi sa a.

Pou Fannmi Ou ak Zanni Ou ak Moun ki Patisipe nan Swen Ou: Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon manm fannmi ou, zanni ou oswa lòt moun ki patisipe nan swen ou nan limit ki nesese pou ede avèk swen sante ou oswa avèk peman pou swen sante ou. Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou tou ba òganizasyon sekou pou katastwòf pou ede jwenn moun pandan yo katastwòf. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou pou notifiye, oswa asiste nan notifikasyon, yon manm fannmi, yon reprezantan pèsònèl oswa yon moun ki responsab pou swen ou, kote ou ye, eta sante jeneral ou oswa lanmò ou. Si ou pas vle nou divilge enfòmasyon medikal ou ba manm fannmi ou oswa ba lòt moun nan sikonsans sa yo, tanpri notifiye Fonksyonè HIPAA nan nimewo 888-8333-8441.

Dapre Egzijans Lalwa: Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou lè nou gen obligasyon pou fè sa dapre lalwa.

Sekirite Piblik: Nou ka bezwen divilge enfòmasyon medikal ou ba ofisye lapolis, tankou pou bay repons pou yon manda rechèch oswa asiyasyon yon gran jiri, oswa pou ede ofisye lapolis idantifye oswa jwenn yon moun, pou rapòte lanmò ki te ka genyen akòz konduikt kriminel, epitou pou rapòte konduikt kriminel nan lokal nou yo.

Abi oswa Neglijans: Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba otorite konpetan yo si nou kwè yon fason rezonab ou se yon viktim posib nan abi, neglijans, oswa vyolans nan kay oswa viktim posib nan lòt krim. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou nan limit ki nesese pou avèti yon menas grav pou sante oswa sekirite ou oswa pou sante oswa sekirite lòt moun.

Rapèl pou randevou: Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou pou fè ou sonje randevou ou genyen (tankou mesaj vokal, kat postal, lèt, imèl oswa mesaj nan tèks).

Aktivite Sipèvizyon Sante: Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba yon ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize. Kèk nan aktivite sipèvizyon sa yo se, paregzanp, odit, ankèt, enspeksyon ak soritaj sou pèmi fonksyonman. Aktivite sa yo nesese pou gouvènman an siveye sistèm sante a, deklanchman maladi, pwogram gouvènman, konfòmite avèk lwa sou dwa sivil yo epitou pou amelyore rezilta pasyan yo.

Pwosè Ak Konfli: Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou pou bay repons pou yon tribinal oswa pou yon lòd administratif tribinal. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ki konsène ou pou bay repons pou yon asiyasyon, demann dekouvèrt oswa lòd pwosesis lalwa.

Lòt Itilizasyon ak Divilgasyon. Jan lalwa pèmèt oswa egzijte sa, nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou pou objektif rechèch; ba òganizasyon ki okipe ak kontwòl don ak grèf ògàn; pou konpansasyon travayè ak program sanblab pou konfòme nou avèk lwa ki gen rapò avèk konpansasyon travayè oswa pwogram sanblab ki bay avantaj pou chòk oswa maladi moun pran nan travay; pou aktivite sante piblik tankou pou evite oswa kontwòl maladi; pou rapòte reyaksyon nan medikaman oswa pwoblèm avèk pwodui; pou notifiye moun konsènan rapèl pwodui yo ka ap itilize; pou notifiye yon moun ki te ka ekspozè ladan, oswa ki arisk pou trape oswa transmèt yon maladi; ba egzaminatè medikal pou idantifye yon moun ki mouri oswa pou detèmine sa ki lakòz lanmò a; oswa ba direktè ponp finèb pou yo pran responsablite yo.

DWA PASYAN YO

Aksè: Ou gen dwa pou egzamine ak resevwa yon kopi enfòmasyon medikal ou, avèk kèk eksepsyon limite. Ou dwe fè yon demann alekri pou kapab jwenn enfòmasyon sou sante ou epi ou dwe fèksè demann ou nan nimewo ki nan fen Avi sa a.

Kontrandi Divilgasyon: Ou gen pou resevwa yon lis kèk divilgasyon nou oswa asosye biznis nou yo te fè avèk enfòmasyon sou sante ou. Si ou mande kontrandi sa a plis pase yon fwa nan yon peryòd 12 mwa, nou ka reklame pou ou peye yon frè rezonab ki baze sou depans nou fè pou reponn demann siplemantè sa yo.

Restriksyon: Ou gen dwa pou mande pou nou mete restriksyon sou fason nou itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou. Nou pa gen obligasyon pou dakò avèk demann ou, eksepte lè divilgasyon an ta fèt nan plan sante ou, oumenn (oswa yon moun sou non ou ki pa plan sante ou) te peye okonple pou swen sante ou, divilgasyon an asosye avèk peman oswa fonksyonman swen sante, epitou li pa obligatwa dapre lalwa. Men, si nou dakò pou mete restriksyon an, n ap konfòme nou avèk akò (eksepte nan yon jans).

Lòt Kalite Kominikasyon: Ou gen dwa pou mande alekri pou nou kominike avèk ou konsènan enfòmasyon sou sante ou nan lòt mwayen oswa nan lòt kote ki endike nan demann ekri ou.

Modifikasyon: Ou gen dwa pou mande pou nou fè modifikasyon nan enfòmasyon medikal ou. Ou dwe fè demann lan alekri epi ou dwe eksplike rezon ki fè nou ta dwe modifiye enfòmasyon yo. Nou ka bay refi pou demann ou sèlman pou sèten sikonsans.

Avi Elektwonik: Si ou resevwa avi sa a sou sitwèb nou oswa nan adrès elektwonik (imèl), ou gen dwa pou resevwa avi sa a sou fòm ekri.

KESYON AK PLENT

Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou pratik nou yo pou konfidansyalite oswa si ou gen kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte nou. Si ou gen enkyetid pou nou te ka vyole dwa ou pou konfidansyalite, ou ka pote plent ban nou avèk enfòmasyon kontak ki endike nan fen Avi sa a. Ou ka prezante yon plent ekri tou nan Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini depi ou voye yon lèt nan adrès 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, calling 1-877-696-6775, oswa depi ou ale sou sitwèb www.hhs.gov/oc/privacy/hipaa/complaints We will not retaliate in any way if you choose to file a complaint with us or the U.S. Department of Health and Human Services.

Fonksyonè pou Kontakte: Telefòn Fonksyonè HIPAA: 888-833-8441
Faks: 888-330-4331
Imèl: HIPAAOfficer@mobiledentists.com
Dat Kòmansman: Madi 1ye Novanm 2022